

Gade videyo yo:



Powerful Playtimes

Moman pou Jwe Enpòtan



Moman pou Jwe Enpòtan (Powerful Playtimes)
ak sipò Eastern Bank.

Moman pou Jwe Enpòtan

Jwe se pi bon fason pou tibebe ak jèn timoun devlope ak grandi. E lè nou jwe ansanm sa ka ede w fòme yon lyen ak pitit ou a pou nou bati yon relasyon ki solid e pozitif. Men li ka difisil pou granmoun yo konnen kijan pou yo jwe. Men kèk ide sou fason pou jwe.

Ann kòmanse

Kreye tan. Jwèt yo se bonjan zouti yo ye, men oumenm ou pi enpòtan pou pitit ou a. Kreye tan espesyal pou nou jwe ansanm—menm si se pou 5 minit sèlman. Tan nou pase ansanm lan enpòtan.



Kòmanse trankilman. Site non pitit ou a toudousman. Ba l yon ti tap tou dousman sou nen li, bò machwè l, sou zepòl li, oswa sou bra li pou atire atansyon li. Pitit ou a ka santi ke w pare pou fòme yon lyen avèk li.

Ofri li sèlman yon kantite jwèt ki kont pou li. Twòp jwèt ka anbarasan pou li. Bay pitit ou youn oswa de bagay pou kòmanse.



Ankouraje pitit ou nan sa ki enterese li

“Eseye ankò.” Pitit ou a gendwa fè menm bagay la plizyè fwa san rete. Ou gendwa santi w annuiye e pa gen pwoblèm ak sa! Malgre aktivite a se yon defi pou pitit ou a, li pran plezi li ak li. Ankouraje l pou l kontinye eseye—epi konsantre w pou montre l ou fyè de li paske l ap aprann nouvo bagay.

“Ou vrèman renmen fè sa.”

Pitit ou a gendwa pase plis tan ap jwe ak yon bèt an pelich pase yon balon. Oswa li gendwa pa vle jwe ak yon balon ditou. Menm jan avèk ou, pitit ou a gen bagay li renmen ak sa li pa renmen. E bagay sa yo ka chanje apre yon tan. Obsève kisa ki entèrese li. Apresa jwenn kèk bagay nou toulède renmen fè ansnam!



“Ou ka fè!” Obsève epi tann.

Tout bagay nouvo pou pitit ou a, e li jis ap aprann kijan pou l aprann fè bagay yo. Li ka difisil pou li fè yon bagay ki fasil pou ou. Ankouraje l eseye fè l nan fason pa l. Ofri yon ton ti èd oswa yon nouvo ide sèlman lè li eseye l poukont li plizyè fwa.



Rann li amizan pou ou menm

Aprann yon nouvo bagay sou pitit ou a. Menmsi pitit ou a ap fè yon bagay ki senp, suiv liavèk atansyon. Èske l voye balon an devan olye li voye l pa dèyè? Èske l ap fè yon son ki diferan? Gade figi l epi obsève kijan li santi l. Chak fwa ou jwe, ou ka aprann yon bagay sou pitit ou a.

Jwe tou! Pandan pitit ou a ap jwe, jwe bò kote l. Bay tèt ou defi ak jwèt yo. Èske w ka voye yo tout anlè pou atrap yo? Oswa èske ou ka balanse yon balon sou tèt yon bilding ki byen wo? Pitit ou a gendwa rete konsantre sou sa l ap fè a. Oswa li gendwa gade w epi eksprime jan li kontan wè kapasite w!

Ri ansanm. Jèn timoun yo komik. Tibebe yo gendwa fè son ki amizan. Timoun piti yo gendwa bouje nan yon fason ki amizan. Timoun nan laj pou ale lekòl matènèl yo gendwa rakonte yon istwa ki pa gen twòp sans pase sa. Ri epi di, “Sa komik anpil!” Pitit ou a gendwa ri tou! Ri se meyè fason pou santi w byen ak bati yon relasyon ki pozitif.



Tout jwèt ankouraje aprantisaj. Lè pitit ou a ap jwe, li aprann nouvo mo, li dekouvri kijan bagay yo fonksyone, li eksplòre fason pou li itilize kò l ak devlope konfyans li. Men pa enkyete w twòp sou sa l ap fè ak sa l ap aprann. Pran plezi tousenpleman nan jwe ak pitit ou—epi tan sa a nou pase ansanm nan ede l devlope ak grandi!

Moman pou jwe ak yon Balon

Prepare w. Chita atè a. Mete yon balon devan figi tibebe w la. Sourì epi di, "Balon!" Lè tibebe w la gade w oswa lè li gade balon an, se moman sa a pou jwe!

Eseye fè sa a!

Chèche balon an. Kouvri yon balon ak yon rad. Di, "Kote balon an?" Apresa dekouvri balon an epi di, "Balon!" oswa "Men li!" Èske tibebe w la chèche balon an? Eseye fè sa ankò!



Eseye pran l! Mete tibebe w la kouche sou vant li pou tan kouche sou vant la. Mete yon balon kote tibebe w la pa ka rive, konsa li ka wè l epi eseye al pran l. Pwente sou balon an epi di, "balon." Ofiramezi tibebe w la ap grandi, li ka woule oswa rale pou li pran l.



Ale-Vini. Lonje yon balon bay tibebe w la. Kite li pran l nan men w oswa mete l sou jenou li. Li gendwa lonje l ba ou, woule l oswa lage l atè, pou l remèt ou li. Di, "Se pou mwen? Mèsi!" Apresa, remèt li l ankò. "Se pou ou." Fè pas ak balon an, san rete.

Si balon an pèdi, fè yon nouvo balon ak nenpòt bagay ou jwenn. Eseye chifonnen yon moso papye oswa woule yon chosèt fè l fè yon boull!



Ti konsèy fyab!

Tan kouche sou vant lan ka fèt sèlman lè tibebe w la reveye ak lè w ap siveye l.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Èske tibebe w la ap gade balon an? Si l ap gade l, ba li yon balon pou li jwe avèk li! Èske tibebe w la ap fè rechya, èske li grangou oswa li fatige? Bay pitit ou a sa l bezwen an epi jwe pita.



Fè pratik ansanm.

Menm si tibebe w la poko di okenn mo, l ap fè anpil son ak bouch li. Lè tibebe w la di "bah", oumenm tou di "bah." Fè menm son li fè a— tankou n ap pale youn ak lòt!

Di, "Yay!"

Èske tibebe w la woule balon an? Èske li pran l epi lage l atè? Lè tibebe w la fè yon bagay ak balon an, bat bravo epi di "Yay!" oswa "Wow!" Menm bagay ki byen senp yo vle di anpil bagay pou tibebe w la!



Poukisa pou w fè sa?

Ou bezwen de moun pou fè pas ak yon balon. E se yon bon fason pou fòme lyen ak tibebe w la. Menm si tibebe w la poko ka pale, ale vini sa a ak balon an se yon fason pou nou toulède kominike!



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM




HORIZONS

Moman pou jwe ak yon Balon

Prepare w. Fè plas atè a. Gade ozalantou w epi tout bagay ou wè ki ta ka kraze si yon balon frape yo, mete yo lwen. Chita ansanm ak pitit ou a epi di, "Ann jwe!"

Eseye fè sa a!

Jwèt pas. Chita atè a anfas pitit ou a. Fè yon "V" ak janm ou epi ede pitit ou a fè menm bagay la. Fè pye w touche ak pye pitit ou a pou nou fòme yon lozanj. Woule balon an tou dousman bay pitit ou a. Di, "Mwen ba ou pas ak balon an. Kounyeya w ap ban m pas." Eseye ale pi vit.



Voye balon an. Mete yon resipyan vid, tankou yon bwat katon oswa yon panye pou rad sal, atè a. Bay pitit ou a diferan kalite balon pou li mete oswa voye ladan. "Voye balon an nan panye a!" Voye balon yo nan yon bagay pa fasil pou timoun piti. Lè pitit ou a rate, di, "Oups! Eseye ankò!"



Eseye atrap. Mande pitit ou a pou li eseye atrap li. Voye yon balon tou dousman bay pitit ou a epi di, "Atrap balon an!" Gen chans li p ap atrap balon an paske pou yo atrap li sa mande anpil pratik. Ankouraje l pou li pran balon an epi pou li eseye revoye l ba ou.



Itilize moso papye, papye aliminyòm ak chosèt pou fè plis balon. Plis ou genyen diferan kalite balon se plis l ap pi amizan!



Ti konsèy fyab!

Ou kapab fè nenpòt nan aktivite sa yo deyò. Jis asire w ke ou jwenn yon kote ki san danje kote balon yo p ap woule ale sou wout la.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Lè pitit ou a rate balon an, kisa li fè? Èske li ri oswa li kontrarye? Aprann nouvo teknik, tankou atrap yon balon, ka yon bagay ki enteresan ak dekourajan. Li nòmal pou pitit ou a genyen toulède emosyon sa yo.

Fè pratik ansanm.

Lè pitit ou a rate balon an oswa voye balon an byen lwen w, kisa ou fè? Èske ou kontrarye? Pitit ou a aprann lè l ap gade w. Pran yon gro souf epi souri—fè erè se fason ni oumenm ak ni pitit ou a aprann.



Di, "Yay!"

Konsantre pou nou amize nou ansanm. Èske pitit ou a mete *majorite* balon yo nan bwat la? Èske li te *prèske* atrap balon an? "Bravo! W ap fè anpil efò! Ann eseye ansanm ankò."



Poukisa pou w fè sa?

Sa mande de (oswa plis) moun pou jwe boul. E youn nan meyè fason pou kreye lyen ak pitit ou a se jwe ansanm ak li. Oumenm ak pitit ou a, nou toulède nou ka aprann anpil bagay lè nou pase tan ansanm.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS

Moman pou jwe ak yon Balon

Prepare w. Fè plas atè a oswa ale deyò. Fè pitit ou a ede w deplase kèlkeswa bagay ki ta ka kraze oswa ki bare espas la. Woule yon balon bay pitit ou a epi di, “Ann jwe boull!”

Eseye fè sa a!

Woule, voye anlè anlè epi choute. Eseye avèk balon ki genyen gwozè ak fòm diferan pou wè kijan yo chak bouje. Ki balon ki pa rive lwen ditou a? Kiyès nan balon yo ki pi bon pou woule? Kiyès nan balon yo pi bon pou choute? Poze kesyon tankou, “Ki balon ou panse ki prale pi lwen?” Apresa, eseye fè l ansanm ak li pou n wè.



Atrap epi konte. Fè jwèt atrap balon ansanm ak pitit ou. Konbyen fwa ou kapab voye anlè oswa choute balon an pou fè pas san ou pa rate l? “Annou konte ansanm.” Li kapab se zewo fwa oswa 10 fwa—sa pa enpòtan! Ri lè w fè yon erè epi fè l pou amize w.



Balon ak ranp. Apiye yon bagay ki plat sou yon chèz oswa sou bò yon kabann pou fè yon ranp. Eseye ak yon gwo liv, yon moso katon oswa yon plato pou kwit manje nan fou. Di, “Èske w ka woule balon an desann sou ranp lan?” Chanje wotè ranp lan. Kisa oumenm ak pitit ou a remake?



Ti konsèy fyab! Ou kapab fè nenpòt nan aktivite sa yo deyò. Jis asire w ke ou jwenn yon kote ki san danje kote balon yo p ap woule ale sou wout la.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Pitit ou a renmen fè plizyè bagay diferan nan diferan moman. Kite l montre w kijan l vle jwe. Èske li vle eseye bagay yo, tankou fè eksperyans ak balon ak ranp yo? Oswa èske li pare pou li fè yon jwèt ki gen règ pou suiv?

Fè pratik ansanm.

Choute, voye anlè, ak atrap yon balon mande anpil pratik. Si pitit ou a kontrarye lè li rate, ede li jwenn yon fason pou li jere emosyon l yo. "Li nòmal pou w fache. Pran yon gwo souf. Annou eseye ankò."



Di, "Yay!"

Èske pitit ou a konsantre tout bon sou sa l ap eseye fè a? Sa se yon bagay ou dwe fyè de li! Ankouraje l lè w di, "Mwen renmen fason ou kontinye ap eseye fè ranp lan fonksyone a."



Poukisa pou w fè sa?

Lè ou aprann konnen kisa pitit ou a renmen ak sa li pa renmen se yon pati enpòtan nan relasyon oumenm avèk li. Pitit ou a ka byen renmen foutbòl oswa baskèt. Oswa, li gendwa renmen kreye pwòp jwèt pa l. Li ka menm renmen bagay ki pa menm ak sa oumenm ou renmen. Eseye jwenn yon bagay nou toulède renmen jwe ansanm.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



Moman pou jwe ak Kèps

Prepare w. Chita atè a epi mete kèk kèps devan tibebe w la. Kenbe yon kèps devan figi tibebe w la. Sourì epi di, “Kèps!” Depi w wè tibebe w la gade w oswa li gade kèps yo, ou mèt konnen l pare pou li jwe.

Eseye fè sa a!

Dekouvri kèps. Bay tibebe w la yon kèps epi di, “kèps.” Gade kisa li fè. Èske li kenbe l oswa li souke l? Montre li kijan pou li mete de kèps ansanm. Di, “andedan” pandan w ap mete yon ti kèps andedan yon kèps ki pi gwo. Di, “deyò” pandan w ap retire sa ki pi piti a. Fè sa plizyè fwa. Èske tibebe w la eseyè tou?



Fè yon ti bri! Mete tibebe w la kouche sou vant li pou li pase tan kouche sou vant la. Oswa mete li chita sou janm ou. Tape yon kèps atè a pou atire atansyon li. Apresa mete kèk kèps bò kote l, konsa li ka eseyè pran l. “Bang, bang, bang!” “Tap, tap, tap!” Fè son kèps yo fè a lè tibebe w la frape yon ansanm oswa lè li frape yon atè a.



Mete yon kèp sou tèt ou. Mete yon kèps sou tèt ou tankou yon chapo. Bouje tèt ou pou kèps la tonbe—li komik e li amizan pou tibebe w la! Di, “tèt” epi mete kèps la sou tèt tibebe w la. Apresa di, “zòtèy” epi mete kèps la nan zòtèy li. Mete kèps la nan diferan pati nan kò a epi di non pati nan kò a tou.



Si w bezwen plis kèps, itilize bagay ou genyen deja. Majorite goblè oswa resipyan an plastik yo bon anpil pou jwe. Jis asire w ke plastik la p ap blese nou si li fann!



Ti konsèy fyab!

Tan pou pase sou vant lan ka fèt sèlman lè tibebe w la reveye ak lè w ap siveye l.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Kisa tibebe w la ap fè ak kèps yo? Èske l ap gade yo? L ap pran yo? L ap mete kèps yo youn sou lòt? Kisa li entèrese fè ak kèps yo jodiya?



Fè pratik ansanm.

Tibebe w la tape nan yon kèps avèk men l. Alòs ou tape avèk men w tou. Apresa, ou fè yon bagay avan, tankou woule yon kèps. Epi gade si tibebe w la fè menm jan avèk ou. Pa gen pwoblèm si li pa fè l. Men kontinye woule kèps la—epi li ka deside eseye tou!



Di, "Yay!"

Konsantre pou nou amize nou ansanm. Èske tibebe w la anpile de kèps youn sou lòt? Bat men w. Lonje dwèt ou epi konte, "Yon kèps. De kèps." Èske kèps yo tonbe? Kontinye souri epi di, "Uh oh!"



Poukisa pou w fè sa?

Se ou menm ki se premye pwofesè tibebe w la. Tibebe w la fè son ak kèps yo epi li gade w. Lè l ap gade w, l ap di, "Gade sa mwen fè!" Yo gade w tou pou yo genyen nouvo ide, tankou kijan pou yo mete yon kèps youn sou lòt.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS

Moman pou jwe ak Kèps

Prepare w. Netwaye yon ti espas atè a epi chita. Souri bay pitit ou a. Kenbe kèps yo epi di, "Kisa nou ta fè ak kèps sa yo menm?"

Eseye fè sa a!

Jis eksplòre. Bay pitit ou a kèps yo tou anpile youn sou lòt. Kisa li fè avèk yo? Li kapab demonte yo. Apresa mete yo ansanm ankò. "Deyò ak andedan. Andedan ak deyò." Oswa li kapab aliyen kèps yo sou yon liy. Lonje dwèt ou epi konte, "Yon kèps, de kèps, twa kèps, kat!"



Fè son ak bouch ou. Frappe de kèps ansanm. Tape sou yo ak men w oswa ak kèk kiyè. Chante nan yon ti kèps. Ri nan yon gwo kèps. Mete yon kèps ki pi piti nan yon kèps ki pi gwo epi souke l. Ki kantite son diferan oumenm ak pitit ou a kapab fè?



Konstui ansanm. Youn apre lòt, ajoute yon kèps alafwa pou fè yon tou. "Se tou pa w. Mete kèps sa a anlè lòt la." "Kounyeya se tou pa m." "Kounyeya se tou pa w ankò." Lè tou a fini, mande pitit ou a pou li lage tou a atè pa "Aksidan!" epi nou toulede a ri ansanm!



Ti konsèy fyab! Majoritegoblè an papye oswa an plastik bon anpil pou jwe. Jis asire w plastik la p ap blese w si li fann!

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Kite pitit ou a montre w kijan li vle jwe. Li gendwa bouje oswa pote kèps yo. Oswa mete bagay ladan yo. Oswa anpile yo ak frape yo. Di, "Sa entèresan!" Pa genyen okenn fason "kòrèk" pou jwe ak kèps.



Fè pratik ansanm.

Yon tou kapab tonbe pandan pitit ou a ap konstwi l. Oswa pitit ou a gendwa lage yon tou atè pandan w ap konstui l—sa gendwa fristre w. Di, "Oh non!" Apresa pran yon gwo respirasyon epi di, "Sa pa grav. Mwen ka rebati l."

Di, "Yay!"

Di pitit ou a kisa ou renmen nan sa l ap fè a. "Wow! Mwen renmen son ou fè ak kèps sa yo!" Kit l ap eseye yon bagay pou premye fwa oswa kit se senkyèm fwa, montre l ke ou fyè de li.



Poukisa pou w fè sa?

Timoun ka tèlman fè divès bagay ak kèps. Yon bon fason pou fè lyen se konsantre w sou sa l ap fè a ak sa ki entèrese li. Obsève jwèt y ap fè a. Lonje dwèt ou sou sa l ap fè a. Epi pale ansanm avèk li—avan menm li ka di anpil mo.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS

Timoun ki nan
laj pou ale lekòl
matènèl

Moman pou jwe ak Kèps

Prepare w. Netwaye yon ti espas atè a oswa sou yon tab. Chita ansanm ak pitit ou a epi mete kèps yo devan w. Sourti bay pitit ou a epi di, “Kisa nou kapab fè ak sa yo?”

Eseye fè sa a!

Konstwi ! Bay pitit ou a kèps yo. Ajoute kèk bagay pwòp ki soti nan poubèl resiklaj ou, tankou bwat yogout, woulo papyè twalèt oswa bwat sereyal. Kite yo konstwi nan nenpòt fason yo chwazi a. “Pale m de sa w ap konstwi a.”

Fè mizik. Rasanble kèk kiyè oswa baton. Di, “Ann fè kèps yo tounen tanbou!” Tape nan pati anba kèps yo. Itilize gwo kèps ak ti kèps pou fè son ki diferan. Jwe yon ti mizik sou telefòn ou epi rantre nan gwoup la ak pitit ou.

Kèps ki sèvi kòm zouti. Vini ak kèps yo nan beny lan oswa vini avèk yo lè w soti deyò. Mande, “Kisa ou kapab fè avèk kèps yo?” Petèt ranmase dlo ak vide dlo. Oswa yon chato sab. Oswa kolekte bagay tankou fèy ak glan—apresa klase yo nan diferan kèps.



Ti konsèy fyab! Majorite papyè oswa goblè plastik bon anpil pou jwe ak yo. Jis asire w plastik la p ap blese w si li fann!

Pandan w ap jwe...

Gade ak atansyon.

Ou ka sèvi ak kèps pou plizyè bagay diferan. Obsève kisa pitit ou a fè avèk yo. Èske li itilize kèps la pou yo fè konstriksyon? Oswa l ap fè sanblan? Oswa l ap fè mizik? Oswa yon bagay ou pa t panse ak li?

Fè pratik ansanm.

Fè konstriksyon ansanm ak pitit ou a. Oswa fè pwòp konstriksyon pa w bò kote pa li a. Lè konstriksyon w lan tonbe, souri epi di, "Whoops! Sa pa t mache poutan mwen te panse l ap mache. Èske ou ka ede m panse ak yon lòt bagay pou n eseye fè?"



Di, "Yay!"

Montre pitit ou a ke ou kapab fyè de tèt ou. "Wow! Mwen fè l. Mwen kontan mwen te kontinye eseye." Li enpòtan pou w montre pitit ou a ke w kontan de pwòp travay ou. Apresa, remèsye pitit ou a pou èd li. "Mèsi dèske w pataje yon si bèl ide avèk mwen."



Poukisa pou w fè sa?

Ofiramezi pitit ou a ap grandi, yon bagay osi senp ke kèps ka toujou yon bèl jwèt. Itilize moman jwèt la kòm yon mwayen pou genyen yon konvèsasyon. Mande pitit ou a kisa l ap fè la. Apresa poze plis kesyon. Pitit ou a ap renmen wè ke ou enterese ak li!



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



Moman pou jwe ak Foula

Prepare w. Chita atè a epi souri. Souke yon foula tou dousman devan tibebe w la epi di, "Foula!" Depoze foula atè a pou kòmanse jwe. Lè tibebe w la gade w oswa lè li gade foula a, se moman sa pou jwe!

Eseye fè sa a!

Lanse foula. Voye yon foula anlè. Di, "Tèlman wo!" Gade pandan l ap flote pou li tonbe atè. "Anba, anba, anba." Voye l anlè ankò. Si l tonbe sou tèt ou oswa sou tèt tibebe w la, pran foula epi souri. "Sa tèlman komik!"



Kach-kach! Kenbe yon foula devan figi w. Aprea dekouvri figi w oswa kite piti ou a retire foula. Fè tankou w sezi epi di, "Koukou!" Fè l ankò, men fwa sa a fè yon koudèy pa dèyè foula. Ofiramezi tibebe w la ap grandi, kite l fè jwèt kache pou w ka chèche yo.



Dans ak foula. Chante yon chante oswa jwe mizik sou telefòn ou. Souke epi vire yon foula devan tibebe w la pandan mizik la ap jwe. Bay tibebe w la yon lòt foula. Èske li kenbe l epi li bat bra li, tankou li t ap danse? Leve tibebe w la anlè epi danse ansanm, ak foula yo!



Èske w bezwen plis foula? Itilize papyè twalèt, sak pou zòrye oswa ti sèv yèt pou men yo.



Ti konsèy fyab!

Moman pou jwe ak foula ka fèt sèlman lè oumenm ak tibebe w la ap jwe ansanm.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Kisa tibebe w la renmen gade oswa fè? Petèt ke li renmen gade foula k ap flote pou tonbe atè a? Oswa petèt ke li renmen fwote l toudousman nan machwè yo? Kisa ki fè li souri oswa ri?



Fè pratik ansanm.

Tibebe w la pral bouje foula a nan diferan fason. Di, "anwo" lè yo souke l anlè. Di, "anba" lè yo souke l anba. Pale de sa tibebe w la ap fè a konsa li ka tande mo ou itilize yo.



Di, "Yay!"

Èske tibebe w la sezi lè w ap jwe kach-kach? Pran plezi avèk li. Di, "Ou jwenn mwen!" Èske tibebe w la atrap yon foula ki tonbe sou li? Di, "Yay! Ou pran!" pou pataje kè kontan li.

Poukisa pou w fè sa?

Moman jwèt ka eksitan souvan, men li enpòtan pou gen fason pi kalm pou jwe tou. Ou ka itilize foula pou toulède kalite jwèt yo. Si tibebe w la genyen ase enèji, fè anpil mouvman lè w ap jwe avèk foula yo. Si pitit ou a apèn reveye oswa li kòmanse fatige, jwe pi dousman ak foula yo.

Moman pou jwe ak Foula

Prepare w. Netwaye yon ti espas atè a oswa ale deyò. Retire tout sa ki ta ka nan wout la pandan w ap jwe. Souke yon foula devan pitit ou a epi di, "Ann jwe!"

Eseye fè sa a!

Fè menm jan avèk mwen. Souke yon foula anlè tèt ou. Mande pitit ou a pou li fè menm jan avèk ou ak yon lòt foula. Di, "Souke foula w la byen wo!" Mete foula w la nan tèt ou tankou yon chapo. Kite li fè menm jan avèk ou ankò. Fè yon sèl mouvman alafwa. Apresa kite pitit ou a dirije jwèt la—epi oumenm fè menm jan avèk li!



Dans friz. Di, "Ann danse!" Chante yon chante oswa jwe mizik sou telefòn ou. Kanpe mizik la epi di, "Friz! Sispann danse epi pa bouje!" Eseye ankò. Sa ka pran kèk minit pou pitit ou a konprann kijan jwèt la fonksyone.



Pran !! Mare yon foula nan yon men. Pandan w ap bouje foula a, di, "Èske w ka pran l?" Souke foula a anwo ak anba. Bouje l devan ak dèyè. Ale rapid. Ale dousman. Kite yo atrap foula a, pafwa. Lòt fwa yo, kontinye bouje l lwen yo.

Pafwa, li itil pou fikse règ ki senp pou jwe ansanm. "Ouch! Li fè m mal. Tanpri, pa rale foula m nan." Ou dwe petèt fè pitit ou a sonje sa plizyè fwa.



Ti konsèy fyab! Pa vlope oswa mare foula byen sere sou moun. Li ka blese!

Pandan w ap jwe...

Gade ak atansyon.

Kijan pitit ou a bouje avèk foula yo? Èske li danse vit oswa dousman Èske li fè menm mouvman ou fè yo? Oswa èske li eseye fè nouvo mouvman poukont li? Pitit ou a aprann anpil lè l ap gade w—e oumenm tou ou ka aprann lè w ap gade l!



Fè pratik ansanm.

Yon pati enpòtan nan jwe ak travay ansanm se pou ou se yon bon lidè. Mande pitit ou a pou li mennen jwèt la. Pandan dans friz la, di, “Fwa sa a se ou k ap kanpe mizik la. Apresa nou toulède ap friz.” Epi kite li kontwole mizik la.

Di, “Yay!”

Kisa ou renmen nan sa pitit ou a te fè a? Di li sa. “Mwen te renmen fason ou te sote ak foula a.” “Mwen te renmen fason ou te tann tou pa w pou danse a!”



Poukisa pou w fè sa?

Pase bon moman ansanm ede w fè relasyon oumenm ak pitit ou a vin pi solid. Fè tikomik—ou ka mete yon foula nan tèt ou tankou yon chapo oswa fè dans ki amizan. Fè jwèt youn apre lòt. Fè erè ansanm. Epi ri anpil!



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS

Timoun ki nan
laj pou ale lekòl
matènèl

Moman pou jwe ak Foula

Prepare w. Netwaye yon ti espas oswa ale deyò. Fè pitit ou a ede w deplase kèlkeswa bagay ki ta ka kraze oswa ki prezante yon obstak. Lanse foula yo anlè epi di, "Ann jwe ansanm!"

Eseye fè sa a!

Fè menm jan avèk mwen. Kanpe, fasafas ak pitit ou. Kenbe yon foula nan men w epi bay pitit ou a youn. Di, "Fè sa mwen fè a." Apresa bouje! Souke foula w la anwo ak anba. Fè zigzag avèk li devan w. Mande pitit ou a pou li fè menm mouvman avèk ou. Apresa kite li montre w sa pou w fè tou.



Mete l sou ou! Fè foula tounen yon degizman. Mete l nan tèt ou epi di, "Sa a se chapo fèt mwen an!" Oswa foure l nan pantalon pitit ou a kòm si se yon ke bèt. Kite pitit ou a di w kisa foula ka ye—epi fè sanblan ansanm.



Lago ak foula. Jwenn yon ti espas anplennè pou jwe. Nou chak ap kouri dèyè lòt epi eseye touche oswa "kenbe" lòt moun nan ak foula. Oswa foure yon pwent foula nan pòch ou. Apresa, ankouraje pitit ou a pou li kouri dèyè w. Di, "Eseye pran foula nan pòch mwen!"



Ti konsèy fyab! Pa vlope oswa mare foula byen sere sou moun. Li ka blese! Asire w pitit ou a ap mare oswa demare foula yo san danje.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Ki fason pitit ou a pi renmen jwe? Èske li renmen fè sanblan oswa jwe jwèt ki genyen règ tankou lago? Èske li prefere fè bri oswa rete an silans? Lè w obsève fason pitit ou jwe ou ka aprann konnen sa li renmen ak sa li pa renmen.

Fè pratik ansanm.

Aprann yon nouvo bagay, tankou mare oswa demare foula pa fasil. Epi pitit ou a gendwa fristre. Travay ansanm. Desere ne a tou piti. Oswa kòmanse fè yon bouk pou mare. "Oke, mwen kòmanse l. Kounyeya w ap fini'l."



Di, "Yay!"

Fè pitit ou a konnen ou remen fason li kreyatif la. Ri ansanm lè li mete yon foula sou li tankou yon ke. "Gade yon bèl ide! Ou sanble ak yon chat!" Petèt ou ka mete yon ke tou—li nòmal pou w yon ti jan komik!



Poukisa pou w fè sa?

Pafwa, oumen ak pitit ou a gendwa vle kouri. Lòt fwa yo, nou gendwa bezwen pase tan an silans ansanm. Foula bon anpil pou toulède kalite jwèt yo. Pase bon moman ansanm ede w fè relasyon oumenm ak pitit ou a vin pi solid.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS

Moman pou jwe ak yon Bèt an Pelich

Prepare w. Chita atè a epi mete yon bèt an pelich devan tibebe w la. Sourti epi souke bra bèt an pelich la, epi di, "Bonjou." Lè tibebe w la gade w oswa lè li gade bèt la, se nan moman sa pou jwe!

Eseye fè sa a!

Tèt ak zòtèy. Touche tèt bèt an pelich la. Apres touche tèt tibebe w la epi di, "tèt." Kite tibebe w la touche bèt an pelich la. Si l touche zòtèy li yo, di, "zòtèy." Touche zòtèy tibebe w la, epi di, "Zòtèy ou!" Di non lòt pati nan kò yo tou.



Son bèt. Kite tibebe w la kenbe bèt an pelich la. Ou ka eseye fè sa nan moman kouche sou vant lan, lè tibebe w la kouche sou do, oswa lè li chita sou jenou w. Pale ak tibebe w la. "Ki son yon ous fè? Roar!" "Ki son ou ka fè?"



Li ansanm. Mete ni tibebe w la ni bèt an pelich la chita sou janm ou. Li yon istwa ansanm. Sèvi ak pat bèt an pelich la pou montre yon imaj. Di, "solèy" pandan ous la lonje pat sou solèy la. Lè tibebe w la lonje dwèt sou yon bagay, di non bagay li lonje dwèt sou li a.



Ti konsèy fyab! Bèt an pelich la se pou fè jwèt ak tibebe. Piga w kite yon bèt an pelich bò kote tibebe w la pandan dòmi ap pran l oswa pandan l ap dòmi.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Èske tibebe w la lonje dwèt sou nen bèt an pelich la toudousman? Oswa li ap peze li epitou l ap pike l? Nenpòt nan yo nòmal! Yo kontinye ap aprann kijan pou yo janti. Di kisa w wè, "Nen ous la!" oswa "Peze!"



Antrene nou ansanm.

Si tibebe w la pike zye bèt an pelich la, ou ka di, "Ouch!" pou bèt an pelich la. Ou ka karese bèt an pelich la, epi di, "Dousman, tanpri." Tibebe w la gendwa poko di okenn mo, men bèt an pelich la ka pale avèk li.

Di, "Yay!"

Èske tibebe w la eksite pou yon bagay li fè? Di, "Yay!" epi fè bèt an pelich la sote ak kè kontan. Si tibebe w la bat men li yo, fè bèt an pelich la bat men li yo—epi bat men w tou. Tout moun ka kontan ansanm!



Poukisa pou w fè sa?

Ou se premye moun tibebe w la fè lyen avèk li. Kèk tibebe pran plis tan pou yo alèz ak lòt moun. Yon bèt an pelich se yon premye zanmi oumenm ak tibebe w la kapab jwe ansanm.

Moman pou jwe ak yon Bèt an Pelich

Prepare w. Netwaye yon ti espas atè a epi chita ansanm ak yon bèt an pelich. Souri bay pitit ou a. Fè bèt la fè yon siy ak men l epi di, "Ous vle jwe!"

Eseye fè sa a!

Emosyon bèt yo. Mande bèt an pelich la kijan li santi l. "Ous la kontan paske nou pra l nan lakou rekreyasyon an!" Imite diferan emosyon ansanm ak pitit ou a epi ak bèt an pelich la. "Ann fè kè n kontan! Bat bravo ak Ous la." Eseye yon lòt emosyon, tankou ou tris oswa ou pè.



Fè sanblan. Mande pitit ou a pou li kreye yon woutin fanmi ak yon bèt an pelich, tankou nan lè dejene oswa nan lè syès. "Ous la sanble li gen dòmi anpil. Èske w ka ede l prepare l pou l al kouche?" Ansanm, oumenm ak pitit ou a ka fè tankou n ap ba li yon bibon, li yon istwa ak mete l nan kabann li.

Kach-kach. Fè pitit ou a kouvri zye li ak men li (Li nòmal si li fè yon koudèy!). Kache yon bèt an pelich, mete pwent tèt li deyò tankou yon endis. "Kote Ous la?" Lè li jwenn li, kache bèt an pelich la ankò. Oswa kite li kache l pou ou!



Pafwa, pitit ou a gendwa jwe yon ti jan brital ak yon bèt an pelich. Li gendwa voye l jete oswa frape l. Depi li pa blese tèt ki oswa nenpòt lòt moun, li nòmal pou kite li eksprime emosyon l.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Èske pitit ou a ap bay bèt an pelich la yon kalen? Li ka santi li tris pou tèt li. Èske li jwe yon ti jan brital? Pitit ou a gendwa santi l kontrarye akoz yon bagay. Gade epi poze kesyon, “Èske w santi w tris? Ou bezwen yon kalen?”



Fè pratik ansanm.

Pitit ou a genyen anpil emosyon diferan. Ede li antrene pou mete mo epi aji ak emosyon sa yo. “Ous la ap sote anwo ak anba. Èske Ous la kontan wè gran papa?”



Di, “Yay!”

“Mwen renmen fason w ap ede bèt an pelich ou a bwose dan!” Felisite pitit ou a lè l ap ede oswa lè l ap pran swen lòt moun—menm bèt an pelich!



Poukisa pou w fè sa?

Ou montre pitit ou a li enpòtan pou ou lè ou jwe avèk li, prepare dejene pou li, mete pansman sou blesi li, epi di “Mwen renmen w.” Pitit ou a remake lè ou aji ak atansyon epi li fè menm jan tou.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS

Timoun ki nan
laj pou ale lekòl
matènèl

Moman pou jwe ak yon Bèt an Pelich

Prepare w. Netwaye yon ti espas atè a epi chita ansanm ak yon bèt an pelich. Fè bèt an pelich la sote devan pitit ou a epi di, "Ann jwe!"

Eseye fè sa a!

Moman pou li istwa. Mande pititi ou a li yon liv pou ou ak pou yon bèt an pelich. Ankouraje li vire paj yo epi rakonte kèk pati nan istwa a. Di, "Ous la vle konnen kisa k ap rive apre sa!" Pitit ou a gendwa poko li mo yo, men li ka rakonte istwa a lè y ap gade imaj yo.



Jwèt lekòl. Ankouraje pitit ou a pou li fè jwèt "lekòl." Li gendwa vle jwe wòl pwofesè a. Epi oumenm ak bèt an pelich la ka jwe wòl timoun yo. "Ni Ous la ni mwenmenm, nou grangou. Èske li lè pou nou pran goute?" Ede pitit ou a gide w pandan jounen an.

Fèt ak dans! Chante yon chante oswa jwe mizik sou telefòn ou. Danse ak pitit ou a ansanm ak bèt an pelich la. Chwazi yon chante ki swa epi chanje mouvman dans ou yo pou yo koresponn ak mizik la. Apresa chwazi yon chante ki ale pi rapid. Ki mouvman dans ki mache ak mizik ki rapid?



Pafwa, pitit ou a gendwa brital ak yon bèt an pelich. Se nòmal. Toutotan y ap grandi, ede yo reflechi konsènan poukisa y ap jwe fason sa. "Mwen wè ou pa twò byen trete Ous la nan moman la. Èske w santi w kontrarye?"

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Èske bèt an pelich la eksite oswa gen enkyetid konsènan lekòl? Èske li pè al kouche nan kabann li poukont li? Jwèt pitit ou a fè ka aprann ou anpil bagay sou sa li ta ka panse oswa resanti.

Fè pratik ansanm.

Yon bèt an pelich ka yon bon zanmi pou pitit ou a. Si w wè pitit ou a santi l kontrarye, bay bèt an pelich li a yon kalen. “ Kalen sa fè m santi m mye. Mèsi, Ous!” Lonje bèt an pelich la bay pitit ou a—li gendwa anvè ba li yon kalen tou.



Di, “Yay!”

Obsève lè pitit ou a di oswa fè yon bagay janti pou bèt an pelich li a. “Ou te di bèt an pelich ou a, ‘Mwen renmen w.’ Li janti pou di sa!”



Poukisa pou w fè sa?

Lè w kite pitit ou a pase tan poukont li, li enpòtan pou nou toulède. Pitit ou a gendwa vle jwe oswa pale ak bèt an pelich li a—men pa oumenm. Se nòmal! Gade, tann epi koute. Mete w prè pou lè tou pa w rive pou jwe.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS

Moman pou jwe ak Anpil Jwèt

Prepare w. Chita atè a. Mete de jwèt devan tibebe w la. Lonje dwèt sou chak jwèt epi di non yo, tankou “kèps” oswa “balon.” Depi w wè tibebe w la gade w oswa li gade jwèt yo, ou mèt konnen li pare pou li jwe.

Eseye fè sa a!


Dekouvri foula a. Mete yon foula nan yon kèps epi di, “andedan.” Retire foula epi di, “deyò.” Apresa remete foula nan kèps la epi bay tibebe w la li. Èske yo retire foula? Èske yo eseye foure l antre? Mete kèps la ak foula tèt anba atè a. Èske tibebe w la jwenn foula a?



Bagay ki woule. Woule yon balon bay tibebe w la. Apresa woule yon kèps ba li. Balon ak kèps pa bouje menm jan—epi kèps la gendwa menm ale lwen yo! Kisa tibebe w la fè? Eseye fè sa a lè tibebe w la chita oswa l ap rale. Oswa si tibebe w la tou piti toujou, eseye fè l pandan moman kouche sou vant lan.



Devlope !! Vlope yon balon oswa yon kèps nan yon foula. Mare pwent foula a nan jwèt la men pa sere l. Lonje jwèt la ki mare a bay tibebe w la. Kite li souke epi souke l. Ofiramezi foula ap desere, l ap jwenn sa ki anndan l! Di tibebe w la sa li jwenn nan, tankou “Balon!”



Ti konsèy fyab! Moman pou pase sou vant lan ka fèt sèlman lè tibebe w la reveye ak lè w ap siveye l.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Bay tibebe w la sèlman youn oswa de jwèt avan, apres a ba l yon lòt. Èske l gade yon kalite jwèt plis ke yon lòt? Èske li pase plis tan ap jwe ak yon jèt pase yon lòt?

Fè pratik ansanm.

Lè tibebe w la jwe ak diferan jwèt, li ka pouse l oswa lonje l ba ou tou. Di, "Yon balon! Se pou mwen?" Apres a montre yon lòt jwèt epi di, "Èske w ka ban mwen kèps la?" Si tibebe w la pa ba ou l, sa pa pwoblèm. Li jis ap aprann—epi li gendwa twò okipe nan fè jwèt!



Di, "Yay!"

Lè tibebe w la dekouvri yon bagay, montre li ou kontan tou. Si li jwenn yon foula nan yon kèps, di, "Wow! Yon foula nan yon kèps!" Ou te konnen ki kote foula a te ye, men tibebe w la pat konnen!



Poukisa pou w fè sa?

Lè w ofri tibebe w la diferan kalite jwèt, li menm vin genyen plizyè kalite fason pou jwe—e oumenm, ou menm vin genyen plizyè fason pou aprann de tibebe w la! Pwofite tan nou pase ansanm lan. Ou dwe fyè de fason l ap grandi a!

Moman pou jwe ak Anpil Jwèt

Prepare w. Netwaye yon ti espas atè a epi chita. Mete de oswa plizyè diferan jwèt devan w. Sourti bay pitit ou a epi di, "Hmmm... kisa nou kapab fè ak sa yo?"

Eseye fè sa a!

Jwe tousenpleman. Gade fason pitit ou a chwazi jwe ak diferan kalite jwèt yo. Èske li mete foula yo andedan kèps yo? Oswa, kouvri bèt an pelich la ak yon foula, tankou yon kouvèti? Di sa w wè l ap fè a. "Mete yon kèps sou tèt Ous la, tankou yon chapo!"



Lage l atè. Travay ansanm pou nou anpile de oswa plizyè kèps youn sou lòt. Woule yon balon pou lage kèps yo atè. "Aksidan!" Eseye ankò. "Ann bati yon tou ki pi wo!"

Ti resepsyon ak Te pou bwè. Mete yon foula atè a tankou yon nap pou piknik. Mete enpe te imajinè nan kèps yo. "Èske w ta renmen bwè yon ti te?" Ofri pitit ou a yon kèps epi ofri bèt an pelich la yon kèps. Ki kalite tigoute byen gou balon yo ta ka ye?



Ti konsèy fyab! Avan ou jwe ak yon balon andedan kay la, gade ozalantou w epi mete tout bagay ki ta ka tonbe oswa kraze lwen si yon balon frape l.

Kite pitit ou a pran lòt jwèt li genyen pou li ajoute nan jwèt li a, tankou blòk oswa machin. Oswa ofri li kèk bagay pwòp ki soti nan poubèl resiklaj ou, tankou woulo pape twalèt oswa bwat katon ze.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Kijan pitit ou a chwazi jwe? Chwa li fè yo ka aprann ou anpil bagay sou sa ki entèrese li. Èske li renmen konstwi? Oswa fè sanblan? Oswa èske li soti nan yon fason li jwe pou li ale nan yon lòt pou li eseye tout bagay?



Fè pratik ansanm.

Pafwa pitit ou a gendwa gen difikilte pou li fè yon jwèt fonksyone nan fason li vle l la. Antrene pou nou panse ansanm. "Mwen wè ke balon an two gwo pou kèps la. Ki lòt bagay ou ta ka eseye?" Ba li yon ti tan pou li reflechi avan ou pwopoze li yon ide. "Petèt eseye yon balon ki pi piti?"



Di, "Yay!"

Gen kèk ide ou wè pitit ou a genyen ki gendwa sanble komik pou yon adilt. Ou konnen ke yon balon pa yon pòm—e pitit ou a konnen sa tou! Men ou ka fè sanblan ansanm. "Bèl ide! Li sanble gou anpil!"

Poukisa pou w fè sa?

Pafwa ou gendwa twò fatige oswa twò okipe pou jwe. Lòt fwa yo pitit ou a gendwa pa vle jwe avèk ou. Se nòmal. Lefèt ke nou ansanm pandan nou chak ap fè pwòp afè pa nou an montre ke w sousye w de pitit ou a. Epi fè bagay yo poukont li fè pati de kwasans lan.

Timoun ki nan
laj pou ale lekòl
matènèl

Moman pou jwe ak Anpil Jwèt

Prepare w. Netwaye yon ti plas atè a. Mete de oswa plizyè jwèt ki diferan atè epi di, "Hmm... kisa mwen ta fè ak sa yo?"

Eseye fè sa a!

Kèps k ap ranvèse. Travay ansanm pou nou bati yon tou ki laj pa anba, tankou yon piramid. Bay pitit ou a yon balon. "Èske w ka woule balon an pou fè tou nou an tonbe?" Apresa konstwi yon tou ki wo, ki mens. Eseye ranvèse l. Konstwi epi ranvèse tou yo nou chak apre lòt.



Mond imajinè. Itilize kèps, foula, ak kèk bagay pwòp ki soti nan poubèl resiklaj ou pou kreye yon mond imajinè pou yon bèt an pelich. "Ki kote Ous pral dòmi?" "Ki kote l ap jwenn manje?" Yon bwat mouchwa vid ka reprezante yon gwòt. Yon foula ka fè yon letan. "Ki lòt bagay Ous bezwen?"



Bay tèt nou defi! Eseye kèk defi fizik. Balanse yon balon nan yon kèps epi di, "Èske w ka pote l atravè pyès la san balon an pa tonbe?" Oswa eseye sote twa fwa ak yon kèps sou tèt ou. Kite pitit ou a kreye kèk defi pou ou tou!



Ti konsèy fyab! Fè aktivite sa yo deyò. Jis asire w ke ou jwenn yon kote ki san danje kote balon yo p ap woule ale sou wout la.

Pandan w ap jwe...

Gade avèk atansyon.

Èske yon foula tounen yon chemiz pou yon bèt an pelich? Oswa petèt yon pòm pen ou ranmase pandan yon pwomnad vin yon pyebwa nan mond imajinè pitit ou a? Obsève aksyon pitit ou a epi tande mo li di yo. Li tèlman genyen plizyè nouvo ide etan l ap grandi!



Fè pratik ansanm.

Itilize jwèt nan nouvo ak nan fason diferan se yon mwayen ki bon anpil pou antrene w pou vin kreyatif. Mande pitit ou a pou li pataje ide li genyen sou fason pou jwe. "Ide sa parèt vreman eksitan. Èske w ka montre m?"



Di, "Yay!"

Pitit ou a genyen anpil ide. Montre li ou entèrese ak sa l ap panse. "Wow! Mwen pat janm panse jwe ak yon balon ak foula a nan fason sa! Ann eseye nan fason pa w la."

Poukisa pou w fè sa?

Pafwa li bon pou jwe ak menm bagay la ankò e ankò. Lòt fwa yo li bon pou eseye bagay ki nouvo. Melanje diferan kalite jwèt ansanm ka ede fè moman jwèt la pi eksitan pou ni oumenm ni pitit ou a.



BOSTON
CHILDREN'S
MUSEUM



HORIZONS